

10 Konsèy pou Plan Ijans pou tout Fanmi Ayisyen

- 1) Atansyon Pa Kapon – Premye Plan se Fanmi'w - Asire ke tout manm fanmi ou konnen kijan pou kontakte youn lòt pandan yon ijans.
- 2) Si ou pa genyen fanmi, si wap viv pou kont ou – Kite kote ou ye an - chècheabri nan yon kote an sekirite ki pwoteje kont danje. Ale lan kote tankou lekòl, legliz, oswa sant kominotè ki ofri pwoteksyon pandan ijans.
- 3) Pare Yon oswa chwazi yon sak solid: Asire w ke ou chwazi yon sak ki solid ak fasil pou pote, tankou yon sakado oswa yon sak ki gen plizyè konpatiman.
- 4) Ajoute ase dlo ak manje: Mete ase dlo ak manje ki pap gate pou omwen 72 èdtan. Manje sa yo ka gen bwat manje, achte ba enèji, oswa manje ki pa bezwen lan frijidè.
- 5) Pran tout dokiman enpòtan: tankou kat idantite, asirans, ak lòt papye nan, batiste, paspò. Mete yo lan yon sache plastik ki enpèmeyab.
- 6) Pa blye pran medikaman'w, e fe menn plan pou chak moun lan kay la.
- 7) Sonje pran bwòs dan, papye twalèt, ak dezenfektan pou men nan sak ou.
- 8) Achte yon Radyo potab pou resevwa nouvel – Asire ke ou pran telefòn ou e pi ak yon chajè pòtab.
- 9) Pran Lajan kach tankou \$400.00 pou si la bank pa mache oswa pran tan pou louvre.
- 10) Rete tèt fret jiskaske move tan fini.

